



Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON YO NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nominasyon sa yo nan administrasyon li an, ajoute sou yon ekip ki angaje pou enplemannte pwogram enteresan li a.

“Soti depi nan batay pou reyalize jistis ekonomik ak sosyal, pou rive nan kreyasyon kominote ki pi djanm nan chak kwen nan eta sa, administrasyon nou an te travay san fatig pou amelyore lavi tout Nouyòkè yo”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan pote nouvel lide ak nouvo talan, ajou sa yo pral kontinye ajoute sou reyisit ekstraòdinè ke nou te fè pandan sis ane ki sot pase yo. Fanm ak gason sa yo respekte anpil nan domèn yo epi yo enkanse valè sèvis piblik ki nesèsè yo pou kontinye fè eta sa kontinye vanse devan. Mwen espere travay ansanm ak yo pou kapab kreye yon New York ki pi djanm, pi jis epi pi pwospè pou tout moun.”

**Carolyn Pokorny** te nonmen kòm Chèf Konsèy Espesyal pou Etik, Risk ak Konfòmite. Pi resamman, li te sèvi kòm Chèf Adjwen Manm Estaf ak Konseye Avoka Jeneral Etazini an Loretta E. Lynch. Anvan sa, li te pase prèske kenz an ak Biwo Avoka Etazini nan Brooklyn, kote li te okipe yon seri pozisyon lidèchip, ki enkli Chèf Adjwen Divizyon Kriminèl. Li te resevwa Prim Avoka Jeneral Etazini pou Sèvis Distenge yo, ak prim Pwosekitè Federal Ane a ki soti nan Fondasyon Ranfòsman Lwa Federal lan (Federal Law Enforcement Foundation). Madmwazèl Pokorny te kòmanse karyè li kòm yon pwosekitè nan Biwo Avoka Distrik Bronx epi apre li te travay kòm grefye pou jij federal Arthur D. Spatt nan Long Island. Li genyen yon Lisans Asosye (Bachelor of Arts, B.A.) nan New York University, ak yon diplòm Doktora Jiridik (Juris Doctor, J.D.) nan Brooklyn Law School.

**Christopher O'Brien** te nonmen kòm Direktè Pwojè Espesyal yo. Anvan sa, Mesye O'Brien te travay nan Xerox Legal and Compliance Solutions pandan plis pase dis ane, pi resamman antan ke Vis Prezidan Prensipal ak Chèf Ofisye Operasyon. Anvan, li te travay nan sèvis piblik kòm Komisè Adjwen ak Konseye Jeneral nan Depatman Taksasyon ak Finans nan Eta New York (New York State Department of Taxation and Finance). Anvan sa, li te sèvi kòm Konseye Asistan Prensipal pou Gouvènè George E. Pataki. Mesye O'Brien te resevwa diplòm Doktora Jiridik (J.D.) li nan Albany Law School ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Hobart College.

**Sarah Bittleman** te nonmen kòm Direktè Adjwen Pwojè Espesyal yo. Anvan sa, li te travay nan Chanm Reprezantan Etazini (U.S. House of Representatives) ak Depatman Enteryè ak Agrikilti Etazini an (U.S. Departments of the Interior and Agriculture), menm jan ak Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal Etazini (U.S. Environmental Protection Agency). Li vini nan Chanm lan pi resamman apre ke li te sèvi kòm yon Lejislatif ak Direktè Politik pou Senatè Etazini an Ron Wyden ak Komite Finans Sena Etazini. Li genyen yon diplòm Doktora Jiridik (J.D.) nan Tulane University, yon Metriz Administrasyon Piblik (Master of Public Administration, M.P.A.) nan East Carolina University ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Union College.

**Molly D. Dillon** te nonmen kòm Konseye Prensipal Politik. Anvan ke li te rejwenn Biwo Gouvènè a, li te sèvi nan Obama Mezon-Blanch (Obama White House) antan ke yon Konseye Politik pou Afè Ibèn, Jistis ak Opòtinite nan Konsèy Politik Domestik (Domestic Policy Council). Nan Mezon-Blanch lan, travay li te enkli yon seri pwoblèm politik dwa sivil ak entèseksyon yo, ki enkli egalite fanm yo, byennèt enfantil, dwa LGBTQ yo, travay, jistis kriminel, dwa andikape yo, sitiyasyon sanzabri, mobilite ekonomik ak gwo enfòmasyon. Madmwazèl Dillon genyen yon Metriz Politik Piblik (Master of Public Policy, M.P.P.) nan Georgetown University's McCourt School of Public Policy ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Johns Hopkins University.

**Valery Galasso** te nonmen kòm Konseye Prensipal Politik. Pi resamman, li te Konseye Espesyal pou Nominasyon Kabinè nan Biwo Chèf Konsèy pou Ekip Tranzisyon Clinton-Kaine lan. Madmwazèl Galasso te sèvi divès wòl nan gouvènman federal, ki enkli Konseye Politik nan Komisyon Kominikasyon Federal (Federal Communications Commission), kote li te responsab pou devlopman politik ki enplike yon gwo seri pwoblèm telekominikasyon. Anvan sa, Madmwazèl Galasso te yon Asistan Espesyal pou Afè Lejislatif yo nan Mezon-Blanch pou Vis Prezidan an Joseph R. Biden, ak yon Lyezon Kongresyonèl pou Depatman Komès Etazini (U.S. Department of Commerce). Li genyen yon Metriz Atistik (Master of Arts, M.A.) nan Politik Piblik nan Johns Hopkins University ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan University of Connecticut.

**Patrick Oakford** te nonmen kòm Konseye Prensipal Politik. Pi resamman, Mesye Oakford te yon Konseye Politik nan Depatman Travay Etazini (United States Department of Labor) nan Washington, D.C., kote li te konseye Sekretè Perez epi li te ede egzekite pwogram regilatwa Depatman an. Anvan sa, li te kondwi rechèch sou enpak ekonomik imigrasyon antan ke yon Analis Politik Prensipal nan Center for American Progress. Mesye Oakford te resevwa yon Metriz nan Syans (Master of Science, M.Sc.) nan University of Oxford, kote li te gradye ak distenksyon, ak yon Lisans nan Syans (Bachelor of Science, B.S.) nan Cornell University.

**Mike Perrin** te nonmen kòm Direktè Adjwen Operasyon Eta yo. Mesye Perrin pi resamman te sèvi kòm Komisè Adjwen Egzekitif nan Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA). Li te vini nan administrasyon Cuomo an kòm yon pati nan inisyativ New York Works lan, kote li te jwe yon wòl kle nan administre pwojè kapital majè yo atravè twa ajans eta yo. Li te apre sèvi kòm Komisè Adjwen pou Administrasyon ak Finans nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) ki ap sipèvizè tout

fonksyon bidjè ajans yo, pwogram sibvansyon sekirite enteryè federal yo, ak aspè finansye yo nan finansman Administrasyon Jesyon Ijans Federal (Federal Emergency Management Administration) ki te vize retablisman apre Gwo Tanpèt Sandy. Anvan ke li te rejwenn gouvènman eta a, Mesye Perrin te sèvi nan Biwo Egzekitif Konte a nan Konte Albany pandan 15 an. Mesye Perrin genyen yon Lisans Asosye (B.A.) nan SUNY Oswego.

**Kate Dineen** te nonmen kòm Chèf Pèsonèl Direktè Operasyon Eta yo. Madmwazèl Dineen pi resamman te sèvi kòm Sekretè Asistan pou Anviwònman an, epi anvan sa kòm Direktè Egzekitif Adjwen nan Biwo Retablisman Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery). Anvan ke li te rejwenn gouvènman eta a, li te Direktè Politik pou Senatè Ameriken an Kirsten Gillibrand, kote li t'ap kouvri pwoblèm anviwòmantal, enèjetik ak devlopman ekonomik yo. Li te travay tou pou gouvènman federal Ostralyen an kote li t'ap evalye premye modèl nasyonal nan mond lan ki pou ekilibre kreyasyon ak komès kredi kabòn yo. Madmwazèl Dineen genyen yon Metriz nan Planifikasyon Vil nan Massachusetts Institute of Technology. Li te gradye "cum laude" nan Williams College ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Anglè.

**Annabel Walsh** te nonmen kòm Direktè Pwogramasyon pou Gouvènè Cuomo. Anvan sa, Madmwazèl Walsh te sèvi kòm Direktè Asistan Pwogramasyon, kote li te responsab pou kowòdone anpil aspè nan pwogram jounalye Gouvènè a. An 2013, Madmwazèl Walsh te rejwenn Administrasyon Cuomo an antan ke yon Asistans Egzekitif ak Asosye Operasyon yo kote li te responsab pou òganize aktivite gouvènè an yo. Nan wòl sa yo, Madmwazèl Walsh te bay tou sipò administratif pou Konseye Politik Prensipal pou Gouvènè a, ak Direktè Afè Entègouvènmantal Anba Eta yo. Madmwazèl Walsh genyen yon Lisans Asosye (B.A.) nan New York University.

**Joel Wertheimer** te nonmen kòm Sekretè Pèsonèl pou Gouvènè Cuomo. Pi resamman, li te sèvi kòm yon Sekretè Pèsonèl Asosye nan Obama Mezon-Blanch kote li te responsab pou kowòdinasyon ak revizyon materyèl konferans yo te voye bay Prezidan an. Anvan sa, Mesye Wertheimer te travay nan pratik prive antan ke yon Asosye nan Winston & Strawn LLP, devan ki, li te travay kòm grefye pou Onorab Lorna G. Schofield, Distrik Tribinal Etazini (U.S. District Court) pou Distrik Rejyon Sid New York. Li te resevwa diplòm Doktora Jiridik (J.D.) li nan New York University School of Law ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Tufts University.

**Jen Darley** te nonmen kòm Direktè Asistan Operasyon Egzekitif yo. Pi resamman, li te Chèf Avans Nasyonal nan Kanpay Hillary for America kote li te vwayaje atravè peyi a nan fè vanse vizit yo pou Sekretè Clinton ak Senatè Tim Kaine. Anvan sa, li te travay nan Sant Konstitisyon Nasyonal (National Constitution Center) nan Philadelphia, kote li te gen wòl kòm Vis Prezidan Operasyon yo ak Vis Prezidan Sèvis Vizitè yo. Madmwazèl Darley te sèvi tou kòm yon konsiltan jesyon aktivite pou Komite Òganizasyon Konvansyon Nasyonal Demokratik 2016 lan (2016 Democratic National Convention Host Committee). Li te resevwa yon Lisans Asosye (B.A.) nan Sikoloji ak yon Lisans nan Syans (B.S.) nan Administrasyon Biznis nan University of Delaware.

**Jon Weinstein** te nonmen kòm Direktè Kominikasyon Adjwen pou Transpò. Anvan sa, Mesye Weinstein te yon Vis Prezidan nan Afè Piblik Mercury (Mercury Public Affairs) kote li te devlope epi egzekite alafwa estrateji kominikasyon alontèm ak akoutèm pou kliyan yo ki nan sektè piblik ak prive yo. Anvan sa, Mesye Weinstein te travay kòm yon repotè ak ankr NY1 pandan plis pase sèt ane, ki ap kouvri yon seri sijè ki enkli politik, transpò, nouvèl kominote yo, imobilye, ak espò. Li te travay tou kòm yon pwodikte tèren nan News 12 The Bronx/Brooklyn. Mesye Weinstein genyen yon Lisans nan Syans (B.S.) nan Cornell University ak yon Metriz nan Syans Jirispidans (Master of Science in Jurisprudence, M.S.J.) nan Northwestern University's Medill School of Journalism.

**Elizabeth Bibi** te nonmen kòm Direktris Adjwent pou Relasyon Medya yo. Madmwazèl Bibi pi resamman te sèvi kòm Biwo Avans Près Nasyonal pou Senatè Tim Kaine ak kanpay Hillary for America, ki ap sipèvizè lojistik medya yo pou tout aktivite ak antrevi Senatè Kaine yo. Anvan sa, li te sèvi nan ekip Relasyon Gouvènman yo nan Scholastic Inc., ak antan ke yon Asosye Relasyon Medya Prensipal nan Fondasyon Bill, Hillary, ak Chelsea Clinton lan. Li genyen yon Lisans Asosye (B.A.) nan Barnard College.

**Andrew Tillman** te nonmen kòm Redaktè Diskou pou Gouvènè Cuomo. Pi resamman, li te travay nan Obama Mezon-Blanch kòm yon Asosye Rechèch Prensipal ak redaktè diskou, ki ap redakte diskou yo pou Chèf Pèsonèl Mezon-Blanch lan Denis McDonough. Anvan sa, li te yon Konpayon Asosye nan Institute of the Americas, University College London, kote li te dirije an kolaborasyon yon gwoup bousye pou yon pwojè rechèch majè nan relasyon Etazini-Amerik Latin yo. Mesye Tillman genyen yon Doktora (Doctor of Philosophy, Ph.D.) nan University of Cambridge, yon Metriz Atistik (M.A.) nan Fletcher School nan Tufts University, ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Wake Forest University.

**Tim Fullerton** te nonmen kòm Direktè Kominikasyon Dijital yo. Mesye Fullerton pi resamman te sèvi kòm Direktè Kanpay Dijital Nasyonal yo nan Everytown for Gun Safety. Anvan sa, li te Direktè Estrateji Dijital pou Depatman Enteryè Etazini (U.S. Department of the Interior) kote li te sèvi kòm yon pòtpawòl pou depatman an, epi li te egzekite premye plan estratejik dijital li an pou elaji atansyon ak angajman nan piblik lan. Mesye Fullerton te okipe wòl dijital nan yon seri òganizasyon, ki enkli Alliance for Climate Protection, Oxfam America, ak Electric Drive Transportation Association. Li te sèvi tou kòm Direktè Imèl Rejyonal ak Eta pou Obama for America an 2008. Mesye Fullerton posede yon Lisans Asosye (B.A.) nan Dickinson College.

**Diana Bowen** te nonmen kòm Pwodiktris Videyo. Pi resamman, Madmwazèl Bowen te travay nan kanpay Hillary for America antan ke Pwodiktris Fim eta a nan Pennsylvania. Anvan sa, li te yon Pwodiktris Videyo nan yon antrepriz medya estratejik. Li te tou yon Pwodiktris Videyo ak yon Fotograf nan Sèvis Pak Nasyonal la (National Park Service). Madmwazèl Bowen posede yon Lisans Asosye (B.A.) nan Journalis Miltimedya Journalism nan American University.

**Joseph Rabito** te nonmen kòm Sekretè Adjwen pou Afè Entègouvènmanal yo, apre ke li te sèvi kòm yon Direktè Adjwen pou Operasyon Eta yo pou Pwogram yo. Nan nouvo wòl li an li pral konsantre prensipalman sou relasyon entègouvènmanal rejyon nò yo.

An Febriye 2011, Gouvènè Cuomo te nonmen Mesye Rabito kòm Komisè Egzekitif Adjwen nan Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta New York. Anvan ke li te rejwenn OGS, Mesye Rabito te okipe tit Komisè Adjwen nan Renouvèlman kominote ak Kay (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, ak Prezidan nan Housing Trust Fund Corporation Eta New York. Anvan nominasyon li nan HCR, Mesye Rabito te travay kòm Komisè Devlopman ak Planifikasyon pou Vil Albany, ak nan gouvènman federal la pou apre Sekretè Andrew Cuomo nan Depatman Devlopman Ibèn ak Lojman Etazini (U.S. Department of Housing and Urban Development).

**Rochelle Kelly-Apson** te nonmen kòm Direktris Afè Entègouvènmantal Anba Eta yo pou Gouvènè Cuomo. Li pi resamman te sèvi kòm Direktris Adjwent Afè Entègouvènmantal yo nan Biwo Avoka Jeneral Eta New York lan (Office of the New York State Attorney General), apre ke li te sèvi kòm Lyezon Sansibilizasyon Kominotè. Madam Kelly-Apson te sèvi tou kòm yon Òganizatris Klase-epi-Ranpli pou Konsèy Komès Otèl New York yo (New York Hotel Trades Council) kote li te ede devlope kanpay òganizasyon an, ak antan ke yon Delege Inyon pou Roosevelt Hotel ki nan New York. Li gen plis pase 13 ane eksperyans nan òganize defans ak kanpay politik nan Eta New York.

**Brendan Hughes** te nonmen kòm Sekretè Asistan pou Devlopman Ekonomik. Mesye Hughes te sèvi anvan sa kòm Komisè Adjwen nan Empire State Development kote li te responsab pou siveyans Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Gouvènè Cuomo yo menm jan ak plizyè lòt pwogram, ki enkli Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) \$1.5 milya a ak Inisyativ Revitalizasyon Anba Eta a (Downtown Revitalization Initiative) \$100 milyon an. Anvan ke li te rejwenn Empire State Development, Mesye Hughes te jere inisyativ devlopman ekonomik yo nan sektè enèji pwòp la pou Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority). Mesye Hughes te resevwa yon Lisans Asosye (B.A.) nan Syans Politik nan Siena College.

**Kerri Neifeld** te nonmen kòm Sekretè Asistan pou Sèvis Imen yo. Madmwazèl Neifeld anvan sa te sèvi kòm Komisè Asistan Adjwen nan Biwo Asitans Tanporè ak Andikape nan Eta New York, kote li te jere Divizyon Konfòmite ak Siveyans Abri (Division of Shelter Oversight and Compliance) ki fèk fin kreye a. Anvan sa, li te travay kòm Asistan Espesyal pou Komisè Adjwen nan OTDA pandan ke l'ap sèvi kòm yon manm klas inogiratif Bous Sèvis Eksèlsyò Gouvènè Cuomo an. Anvan Pwogram Bous Sèvis Eksèlsyò a (Excelsior Service Fellowship Program), Madmwazèl Neifeld te yon Kolèg nan Politik Piblik & Fanm yo nan Sant pou Fanm yo nan Gouvènman & Sosyete Sivil nan Rockefeller College lan. Madmwazèl Neifeld te travay kòm yon Direktè Pwojè nan Mental Health Association of Columbia-Greene Counties, yon Travayè Sosyal nan Sèvis Pwotektris Timoun yo nan Depatman Sèvis Fanmi ak Timoun yo nan Konte Albany (Albany County Department of Child and Family Services), ak yon Travayè Swen Jenès nan WAIT House Homeless Youth Shelter. Madmwazèl Neifeld posede yon Lisans Asosye (B.A.) nan Elmira College ak yon Metriz nan Travay Sosyal (Master of Social Work, M.S.W.) nan University at Albany School of Social Welfare.

**Rob Gibbon** te nonmen kòm Konseye Asistan pou Gouvènè a pou Transpò. Anvan sa, li te sèvi kòm yon Konseye Prensipal nan Majorite Biwo Konsèy nan Sena Eta New York lan. Pandan pasaj li la a, li te aji kòm konseye Règ Kay ak Lwa sou Libète Enfòmasyon (Freedom of Information Law, FOIL) nan konferans, epi li te sèvi kòm konseye nan komite gouvènman lokal; komite bank; komite devlopman lojman, konstwiksyon ak kominotè; komite vil yo; ak komite kous, pari ak jwèt. Anvan ke li te travay pou Sena a, li te Konseye Asistan nan Konte Asosiyasyon Eta New York lan (New York State Association of Counties). Li te resevwa diplòm Doktora Jiridik (J.D.) li nan Albany Law School ak yon Lisans nan Syans (B.S.) nan Administrasyon Biznis “magna cum laude” nan SUNY Albany.

**Penny Lowy** te nonmen kòm Sekretè Nominasyon. Li pi resamman te sèvi kòm Chèf Pwogram Moun Gradye ak Resous nan ICAP NA (Broker and FinTech Company), kote li te konstwi yon fonksyon rekritman, epi li te konsevwa yon seri pwogram devlopman global ak politik ak pwosesis Resous Imèn yo. Anvan sa, li te Direkris Rekritman ak Vis Prezidan Prensipal Resous Imèn nan Citibank. Anvan sa, Madmwazèl Lowy te sèvi kòm Vis Prezidan nan Akizisyon Talan Global pou Aprantisaj ak Devlopman nan MasterCard Worldwide, epi anvan sa, li te yon Konsiltant Resous Imèn nan GE Capital Structured Finance Group. Li posede yon Lisans Asosye (B.A.) nan Stony Brook University.

**John Ceretto** te nonmen kòm Kowòdonatè Pwojè nan Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) apre ke li te sèvi nan Asanble Eta New York lan depi an 2011. Anvan ke li te sèvi kòm yon Manm Asanble, Mesye Ceretto te travay nan Sant Dekouvèt Niagara Gorge nan Depatman Pak Eta yo (State Parks Department’s Niagara Gorge Discovery Center) pandan prèske dis ane, Biwo Achiv Istorik Pwogram Edikasyon (Education Programs Office of Historical Archives) etablisman an. Mesye Ceretto te travay tou pandan prèske 20 ane nan Prestolite/Tulip Corporation. Pandan yon pati nan pasaj li la a, li te yon Prezidan U.A.W. (United Automobile Workers) pandan nèf ane. Anvan sa, li te yon pwofesè nan Distrik Lekòl Niagara Falls & Niagara Wheatfield. Li te sèvi tou kòm yon Manm Konsèy pou Vil Lewistown epi kòm yon Lejislatè Konte Niagara. Mesye Ceretto posede yon Metriz nan Syans (M.S.) nan Edikasyon nan Niagara University.

**Brendan Fitzgerald** te nonmen kòm Premye Sekretè Eta Adjwen nan Depatman Eta New York lan (New York Department of State). Anvan sa, Mesye Fitzgerald te sèvi kòm Sekretè Adjwen pou Gouvènman Jeneral ak Sèvis Finansye yo nan Chanm Egzekitif lan. Anvan sa, Mesye Fitzgerald te sèvi kòm Sekretè Asistan pou Sèvis Finansye yo, Sekretè Asistan pou Teknoloji, Operasyon ak Jwèt, ak Asistan Espesyal pou Finansman Piblik ak Gouvènman Lokal. Pandan prèske sèt ane, Mesye Fitzgerald te sèvi kòm Analis Lejislatif Prensipal pou Asanble Eta New York lan. Mesye Fitzgerald posede yon Lisans Asosye (B.A.) nan Anglè an Filizofi nan Siena College.

**Michael Volforte** te nonmen kòm Direktè Biwo Relasyon Anplwaye Gouvènè a (Governor’s Office of Employee Relations, GOER). Antan ke Direktè, li siveye relasyon

branch Egzekitif lan ak inyon sektè piblik yo ki reprezante anplwaye Eta New York yo. Mesye Volforte te travay nan sèvis piblik nan Biwo Relasyon Anplwaye Gouvènè a pandan plis pase 20 ane. Li te sèvi nan divès wòl nan GOER, ki enkli Direktè Asosye, Konseye Adjwen ak Konseye Asistan. Li te resevwa yon diplòm Doktora Jiridik (J.D.) nan Albany Law School ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan St. Lawrence University.

**Sarah Coleman** te nonmen kòm Prezidan Adjwen ak Konseye pou Komite Relasyon Anplwa Piblik nan Eta New York (New York State Public Employment Relations Board). Anvan sa, Madmwazèl Coleman te sèvi kòm Konseye Prensipal pou Komite Relasyon Travay Nasyonal (National Labor Relations Board) kote li te travay kòm yon pati nan yon ekip ki pou prepare dosye yo pou desizyon ki gen pou pran pa Komite a. Anvan sa, li te travay nan Pwojè Jistis Jenès Mississippi (Mississippi Youth Justice Project) ak Green Advocates. Li te sèvi tou kòm Direktris Pwojè Devlopman pou Wiley-Blackwell Publishing ak kòm yon Souskriptè Jinyò pou Merrimack Mortgage Company. Madmwazèl Coleman genyen yon diplòm Doktora Jiridik (J.D.) nan Columbia University School of Law ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Boston University.

**Jeffrey Pearlman** te nonmen kòm Direktè Pa Enterim nan Biwo Bidjè Otorite yo. Anvan sa, Mesye Pearlman te sèvi kòm Chèf Pèsonèl ak Konseye Gouvènè Adjwen Kathy Hochul. Mesye Pearlman te sèvi tou kòm Chèf Pèsonèl pou Lidè Minorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Konferans Demokratik Sena Eta a. Anvan ke li t'ap travay pou Sena a, li te travay an deyò konsèy la nan Gouvènman an ak pratik Litij yo nan Greenberg Traurig LLP, yon kabinè avoka entènasyonal milti-pratik. Anvan sa, li te genyen plizyè pozisyon nan gouvènman eta a, ki enkli Chanm Egzekitif Eta New York kòm Konseye Asistan pou ansyen Gouvènè a David A. Paterson, Konseye pou Gouvènè Adjwen Eta New York lan, ak plizyè kapasite nan Sena ak Asanble Eta New York lan. Mesye Pearlman gen yon Doktora Jiris (J.D.) nan Albany Law School ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan SUNY New Paltz.

###